

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan dina Bab IV, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda anu ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori, tina jumlah siswa 33 urang anu ngawengku siswa lalaki 16 urang jeung siswa awéwé 17, skor maca aksara Sunda pratés panggedéna nya éta 45, ari skor pangleutikna nya éta 20, ari rata-rata skorna nya éta 26, 7. Anapon skor maca aksara Sunda pascaté anu kacangking panggedéna nya éta 100, ari skor pangleutikna nya éta 40. Éta skor téh tina hasil rata-rata 79, 8. Anapon skor nulis aksara Sunda pratés panggedéna nya éta 45, ari skor pangleutikna nya éta 20, ari rata-rata skorna nya éta 26, 67. Anapon skor nulis aksara Sunda pascaté anu kacangking panggedéna nya éta 95, ari skor pangleutikna nya éta 55. Éta skor téh tina hasil rata-rata 80, 61.
- b. Kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda anu ngagunakeun stratégi pangajaran *konvensional*, tina jumlah siswa 33 urang anu ngawengku siswa lalaki 14 urang jeung siswa awéwé 19 urang, skor maca aksara Sunda pratés anu kacangking panggedéna nya éta 46, 7, skor pangleutikna nya éta 20. Rata-rata skorna nya éta 26, 7. Anapon skor maca aksara Sunda pascaté kelas kontrol skor anu kacangking panggedéna nya éta 93, 3, ari skor pangleutikna nya éta 20. Éta skor téh tina hasil rata-rata 60, 2. Anapon skor nulis aksara Sunda pratés anu kacangking panggedéna nya éta 45, skor pangleutikna nya éta 20. Rata-rata skorna nya éta 25, 61. Anapon skor nulis aksara Sunda pascaté kelas kontrol anu kacangking panggedéna nya éta 95, ari skor pangleutikna nya éta 20. Éta skor téh tina hasil rata-rata 51, 21.
- c. Bédana antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda anu ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori jeung anu henteu ngagunakeun ieu stratégi bisa ditingal kana hasil uji hipotésis.

Lantaran Asymp. Sig (2-tailed) di kelas ékspérimén jeung kontrol dina

Zainuddin, 2017

**STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI**

**PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda sarua niléyna nya éta 0,000, leuwih leutik ( $<$ ) ti 0,05, mangka bisa dicindekkeun yén hipotésis alternatif ( $H_a$ ) ditarima. Hartina aya bédana antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda boh anu ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori boh nu ngagunakeun stratégi *konvensional*. Kitu deui aya béda anu signifikan antara kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori jeung stratégi *konvensional*. Dina kamampuh maca, kapaluruh yén niléy significansina nya éta  $0,002 < 0,05$ . Mangka bisa dicindekkeun yén hipotésis alternatif ( $H_a$ ) ditarima. Hartina, aya béda anu signifikan antara kamampuh ahir maca aksara Sunda nu ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori jeung nu ngagunakeun stratégi *konvensional*. Kitu deui dina kamampuh nulis, kapaluruh yén niléy significansina nya éta  $0,000 < 0,05$ . Mangka bisa dicindekkeun yén hipotésis alternatif ( $H_a$ ) ditarima. Hartina, aya béda anu signifikan antara kamampuh ahir nulis aksara Sunda ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori jeung anu ngagunakeun stratégi *konvensional*.

- d. Dumasar kana hasil uji béda antara kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kelas kontrol, mangka bisa dicindekkeun yén hipotésis alternatif ( $H_a$ ) ditarima. Hartina, stratégi pangajaran ékspositori leuwih éfektif pikeun ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda tibatan stratégi *konvensional*

## 5.2 Implikasi

Stratégi pangajaran ékspositori digunakeun pikeun ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda. Digunakeunana ieu stratégi téh harepanana mah sangkan kacangkem matéri aksara Sunda ku siswa dina waktu nu leuwih singget. Dumasar kana hasil panalungtikan, katangén aya poténsi tur sawangan anu hadé boh ti guru boh ti siswa kana digunakeunana stratégi pangajaran ékspositori dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda. Ku ieu stratégi, guru nepikeun matéri ajar sacara *sistematika* jeung nyepeng kadali prosés pangajaran sacara aktif. Saacan ditepikeun ka siswa, matéri aksara Sunda

Zainuddin, 2017

**STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI**

**PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mangrupa aksara ngalagena, disusun jadi kekecapan nu gampang diapal siswa, jeung rarangkén aksara Sunda disusun dumasar kana fungsi rarangkénna.

### 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekkan tina hasil panalungtikan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi pikeun siswa atawa pihak anu miboga kapentingan, di antarana:

- a. Hasil panalungtikan nétélakeun yén stratégi pangajaran ekspositori leuwih punjul ti batan stratégi pangajaran *konvensional* dina raraga ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda siswa. Ku kituna, stratégi pangajaran ékspositori dianggap bisa ngungkulan kana héséna nyangkem materi aksara Sunda dina waktu anu leuwih singget. Pon kitu deui ieu stratégi téh dirékomédasikeun pikeun dijadikeun alternatif stratégi dina pangajaran basa Sunda, utamana aksara Sunda;
- b. Guru sakuduna henteu gumantung kana sumber diajar wungkul dina nepikeun matéri. Guru bisa néangan stratégi anu leuwih efektif pikeun ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda. Ku kituna, dirékomédasikeun kudu aya panalungtikan anu leuwih daria ngeunaan stratégi pangajaran pikeun ningkatkeun hasil diajar basa Sunda;
- c. Digunakeunana stratégi pangajaran ékspositori dina pangajaran aksara Sunda tangtu waé kudu dirojong ku kamampuh guru dina nyiptakeun kaayaan kelas anu kondusif jeung dipikaresep ku siswa.